**Landstinget Kronoberg**

# Могушалла ларъяран лерина долу законаш

**Анализехь лаьцна закон**
Хьо цомгаш волуш хьан анализ яла езаш хила тарло, масала цIийн анализ. Царех цхьаерш юха а, тайп-тайпама Iилманчи талламех лелон Iалашонца дIайоххкуш хуьлу.

Амма анализаш дIаяхкаран гIуллакх къастош верг/ерг уьзуш дIаелларг ву/ю. Иза бакъо законехь къастийна ю. Оцу хьокъехь хьан хаттарш делахь зIаьй тоха 0470-58 75 13, я Крунуберг областан анализбанкан гIуллакхан координаци еш йолчу Мари Яднер (Marie Jadner) цIарца кехат язде.

**Психиатрин тIехьажарех лаьцна закон (LPT)**
СинIаткъаме цомгуш волчуна нуьцкъала дарба лелон йиш ю законехь къастийна. Оцу бакъонан тIедиллар ду иза стаг/зуда баккъал ша-шех жоп ца лучу барамехь цомгуш хилар а, иштта ша-шенна, шен гуонах болчарна а иза кхераме хилар а. Цул совнах иза хIинцале шен лаамехь долу дарба къобал дина ца хилар.
LPT-законах лаьцна еша хIокху интернет адресаца: www.1177.se.

**Суьдан сацамех дозьна психиатрин тIехьажарех лаьцна закон (LRV)**
СинIаткъаме цомгуш волчун дарба лелор суьдан сацамех доьзна хуьлу. Масала, иза цхьана кепара зулам деччохь схьалаьцначул тIаьхьа психиатрин экспертизо цуьнан цамогуш хилар билгалдаькkхинехь.
LRV-законах лаьцна еша Риксдаган интернет-агIонаш т1ехь: www.riksdagen.se.

## Дарбадар харжа бакъо

Цомгаш волчуна шен дарбадар харжа бакъо масех законехь къастийна ю.

**ПаргIат дарба дан меттиг харжар**
Швецехь шен дарба дар паргIат харжа йиш ю. Цуьнан маьIан хIун ду аьлча, ша лоьран тIе хьажийначун шена харжа бакъо ю шен дарба ден долу меттиг/больница, мехкан муьлхачу областехь а, регионехь а. Амма ша Iаш-вехаш волчу областан/регионан арахь дарба дан меттиг лоьхучун дIа-схьа леларан мах ша бала а, иштта оцу областан/регионан приоритеташе хьаьжжина церан рогIе хIотта а дезаш хуьлу.
Дарба харжарех лаьцна еша хIокху интернет-адресаца: www.skl.se.

**ПаргIат харжаман системах лаьцна закон**
ХIокху законехь билгаляьхна ю коммунашна а, областашна а юкъара белхан къийсамац йоьзна йолу бакъонаш. Цуьнан маьIан хIун ду аьлча, масала, цомгаш волчуна шен харжа йиш ю шен хьашташ кхочуш ден верг.
Оцу харжаман системах лаьцна еша хIокху интернет-адресаца: www.skl.se

**Кхин долу законаш:**
- Могушаллех а дарбадарех а/Hälso- och sjukvårdslagen
- Лекс Мария/Lex Maria

- Пациентех дерг/Patientdatalagen
- Персональни хаамех/Personuppgiftslagen
- Къайле ларъярех/Sekretesslagen
- Кхин а деша socialstyrelsen.se интернет-агIонаш тIехь